

# Kisa Monoksid Kabòn ye?

**Monoksid kabòn, oswa “CO”, se yon gaz ki san odè, san koule ki ka touye ou.**

## Kikote ou jwenn CO?

Ou jwenn CO nan lafimen ki pwodui nenpòt lè ou boule kabiran nan machin oswa kamyon, ti motè, recho, lanp, gril, chemine, recho a gaz, oswa founo. CO ka akimile andedan kay epi anpwazonnen moun ak bèt ki respire l.

## Kisa sentòm yo ye nan anpwazonnman ak CO?

Sentòm ki pi kouran yo nan anpwazonnman ak CO se maltèt, vètij, feblès, lestomak deranje, vomisman, doule nan pwatrin, epi konfizyon. Yo dekri sentòm CO yo souvan kòm sentòm ki “tankou grip.” Si w respire anpil CO, sa ka fè w endispoze w oswa li ka touye w. Moun k ap dòmi oswa ki sou ka mouri ak anpwazonnman CO anvan yo gen sentòm yo.

## Kiyè ki nan risk pou anpwazonnman ak CO?

Tout moun gen risk pou anpwazonnman ak CO. Tibebe, granmoun aje, moun ki gen maladi kè kwonik, anemi, oswa pwoblèm pou respire gen plis tandans pou yo vin malad akòz CO. Chak ane, plis pase 400 Ameriken mouri nan anpwazonnman envolonntè ak CO ki pa asosye ak dife, gen plis pase 100,000 ki ale nan sèvis dijans, epi plis pase 14,000 entène lopital.

## Kòman mwen ka evite anpwazonnman ak CO nan kay mwen?

- Enstale lakay ou yon detektè CO ki fonksyone ak batri oswa yon detektè ak bakòp batri epi tcheke oswa ranplase batri a lè w ap chanje lè nan revèy ou yo chak prentan ak chak otòn.
- Fè yon teknisyen kalifye fè sèvis chak ane nan sistèm chofaj ou, aparèy chofaj dlo, ak nenpòt lòt aparèy ki boule gaz, lwil oswa chabon.
- Pa itilize andedan kay aparèy chofaj chimik pòtab san flanm dife yo.
- Si w pran sant yon odè ki soti nan frijidè a gaz ou, fè yon ekspè fè sèvis ladann. Yon odè nan frijidè a gaz ou ka vle di li ka gen flit CO.
- Lè w ap achte ekipman a gaz, achte sèlman ekipman ki gen so yon ajans tèsnasyonal, tankou Underwriters’ Laboratories.



Detektè monoksid kabòn




Fè yo fè sèvis nan sistèm chofaj ou chak ane



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention

- Asire w ke aparèy a gaz ou yo ayere kòrèkteman. Tiyo vantilasyon orizontal pou aparèy, pa egzanp yon aparèy chofaj dlo, dwe monte lejèman lè yo dirije sou deyò, jan yo montre anba a. Sa anpeche flit CO si jwenti yo oswa tiyo yo pa ajiste byen sere.



- Fè tcheke oswa netwaye chemine w chak ane. Chemine yo ka bloke ak debri. Sa ka lakòz CO akimile andedan kay ou oswa kabin ou.
- Pa janm patche yon tiyo vantilasyon avèk tep, chiklèt, oswa lòt bagay. Kalite patch sa a ka fè CO akimile nan kay ou, kabin oswa machin kan ou.

## Kòman mwen ka rete an sekirite lè gen pàn kouran?

- Pa janm sèvi ak yon recho a gaz oswa yon fou a gaz pou chofaj. Si w sèvi ak yon recho a gaz oswa yon fou a gaz pou chofaj, sa ka lakòz yon akimilasyon CO andedan kay ou, kabin oswa machin kan ou.
- Pa janm boule chabon andedan kay. Lè w boule chabon — wouj, gri, nwa, oswa blan — sa degaje CO.
- Pa janm sèvi ak yon recho a gaz pòtab andedan kay. Si w sèvi ak yon recho a gaz pòtab andedan, sa ka lakòz CO akimile andedan kay ou, kabin oswa machin kan ou.
- Pa janm sèvi ak yon dèlko andedan kay ou, besment, oswa garaj ou, oswa nan mwens pase 20 pye ak nenpòt fenèt, pòt, oswa twou vantilasyon.



## Kòman m ka evite anpwazonnman ak CO nan machin oswa kamyon m?

- Fè yon mekanisyen tcheke sistèm echapman machin ou oswa kamyon w chak ane. Yon ti flit nan sistèm echapman an ka lakòz yon akimilasyon CO andedan machin lan.
- Pa janm kite machin ou oswa kamyon w ap mache anndan yon garaj ki tache ak yon kay menm lè pòt garaj la louvri. Toujou louvri pòt yon garaj detache pou kite lè fre antre lè w ap fè yon machin oswa yon kamyon mache andedan.
- Si w kondi yon machin oswa yon SUV ki gen yon pòt nan deyò, lè w louvri pòt la, louvri twou vantilasyon oswa fenèt yo pou asire ke lè ap sikile ladan. Si se pòt nan deyò a sèlman ki louvri, CO ki soti nan mòlè a pral aspire andedan machin lan oswa SUV a.

